*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№48 (9691)

2015 соналъул 9 МАЙ

*ЩАМАТ*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## 1941 ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО! 1945

### *РАКЬАЛДЕ ЩВЕЗЕГIАН БЕТIЕР КЪУЛИЛА*



Дунялалъул таварихалъулъ киданиги букIинчIо КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъ ва гьелъул армиялъ бихьизабураб гIадаб бахIарчилъи ва къо хIехьей. Гьеб рагъ букIана СССР гIадаб гIемер миллатазулаб улкаялъул халкъазул унго-унгояб захIматаб хIалбихьилъун.

Амма гьелъие кьуркьичIеб нилъер халкъалъги гьелъул БагIараб Армиялъги гьениб босана КIудияб Бергьенлъи Гьелъие рес кьуна, рагъулбайбихьудаго бетIералда И.В. Сталингун улкаялъул тIолабго экономикаги тIолабго Советхалкъги тушманасд данде бахъиналъ, улкаялъул нухмалъиялда сверухъ гьелъул букIараб гъункиялъ ва бахIарчилъиялъ.

Амма кин букIаниги Совет Союзалъе гьеб Бергьенлъи бигьаго щвараб гьечIо. Гьелда нахъа буго тушманас рихххизарурал ва рухIарал нилъер нус-нус шагьаралгун росаби, аза-азар школалгун больницаби, заводалгун фабрикаби, совхозалгун колхозал ва бищунго кIудияб камилъун кколеб 28 миллион гIумру. Гьезда гьорлъ руго рагъул тIоцересел къояздаго жидеего бокьун фронталде ун рукIарал нилъер районалъул кIиазариде гIагарун гIолохъабазул ращадалдасаги цIикIкIун бахIарзалги.

Гьел, ВатIаналъе, гьелъул эркенлъиялъе гIоло рухI кьуразулги, бергьенлъиги босун тIад руссаразулги ва гьеб Бергьенлъи гIагар гьабулаго кьеркьараб тIолго Советхалкъалъулги бахIарчилъиялда цебе ракьалде щвезегIан г1асрабаз бутIрул къулила нилъер улкаялъул гIелаз. Даимаб рецц ва хIурмат Бергьенлъи босараб Совет халкъалъе!

ХIурматиял ва хириял районцоял ва районалъул ракьалда ругел аскарияl, хасго рагъул ветеранал, ракI-ракIалъго баркула нужеда гьаб КIудияб Бергьенлъиялъул 70 сонилаб юбилей! Гьарула киназего ракълилаб, рохалилаб ва талихIаб гIумру, щулияб сахлъи.

**М. ПАТХIУЛАЕВ,**
*районалъул бетIер.*




### *ДУН ВОХАРАВ ВУГО*



ХIурматиял, дир районцоял, дун жакъа батIаго вохарав вуго гитлерилаб Германия СССРалде балъгого тIаде кIанцIиялдалъун багъарун букIараб 1941-1945 соназул КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъ ва гьелъул армиялъ босараб дунялалдаго цIар рагIараб КIудияб Бергьенлъиялъул 70 сонилаб юбилей нужеда, хасго рагъул ветераназдагун тылалъулал бахIарзазда баркизе щвеялдасан.

РакI-ракIалъго гьеб баркулаго нужее киназего гьарула щулияб сахлъиги, гIаданлъигун яхI-намус цIунараб, талихIаб гIумруги ва киналго лъикIалщинал ишазулъ икъбал буголъигун битIккейги.

Гьединго нужее гьарула районалъулги республикаялъулги ва улкаялъулгоги социалиябгун экономикияб рахь цебетIеялъе ва пачалихъияб къуват щулалъиялъеги нужер гIуцIи бугеб, ракIбацIцIадаб ва хIаракатаб хIалтIудалъун квербакъи гьабиялъе захIматалъулал бергьенлъаби.

Цойги нухалъ баркула, хириял районцоял, нужеда КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул байрам!

**М. ИБРАГЬИМОВ,**
*ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат.*

## 1941 ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО! 1945




# СОВЕТХАЛКЪАЛЪУЛ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ ГIУЦIАРУХЪАН

Жакъа нилъер улкаялда ва гьелдаго цадахъ нилъецаго кIодо гьабулеб буго бетIералда гитлергун фашистияб Германия 1941 соналъул 22 июналда божуда рекIкIги гьабун балъгого нилъер гIагараб ВатIан СССРалде тIаде кIанцIиялдалъун багъарараб ва 1348 сордоялъги къоялъги халат бахъараб, инсаниялъул таварихалда жаниб гIассилъиялъулги, гIемер би гIодобе тIеялъулги, гIемерал пачалихъаз гIахьаллъи гьабиялъулги ва къуватаб ярагъ хIалтIизабиялъулги рахъалъ жинда релълъараб цойги букIинчIеб КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъ ва гьелъул БахIарчияб БагIараб Армиялъ ва гьелъул щивав солдатас дунялалдаго цIар рагIараб КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 70 сон тIубаялъул бищунго хIурматияб ва хирияб байрам. Гьеб унеб буго халкъазда гьоркьосеб политикиябгун экономикияб хIалуциналъул, гьеб рагъул историяги гьениб босараб нилъер Бергьенлъиги гIаксалде сверизабиялъе Западалъ бахъулеб бугеб хIаракатчилъи къоялдаса-къоялде цIикIкIиналъулаб ахIвал-хIалалда. Неофашистаз рагъараб къагIидаялда пропагандаялъулаб хIалтIи гьабулеб буго КIудияб Бергьенлъи гIагар гьабиялъулъги, тушман жиндирго рукIнив чIинтIизавиялъулъги. Советхалкъалъул ва гьелъул БагIараб Армиялъул рольги фронталъе рагъулаб тIадегIанаб командованиялъул нухмалъиги гIодобе ккезабиялъеги ва гьеб Бергьенлъи нилъехъа бахъиялъеги. Гьел руго гьезул рикIкIаде унел хъубал къасдал. Гьеб гьезда гьванща бихьаниги бихьулареб жо буго. Бергьенлъи хIакъикъиял бетIергьабазухъа бахъизеги нилъер пачалихъалъул державнияб роль гIодобе ккезабизеги кIвезе рес гьечIо жакъаги метерги ва кидагоги. Щай гурого эркенаб ва тIадегIанаб патриотизмалъул халкъ, нилъер бетIерав патриот, ватIанияв инсан Россиялъул Президент В. Путиница абухъего, къезабизе ва къулизабизе кIоларелъул.

Нилъер гьеб Бергьенлъиялъул, хасго гьелъул Главнокомандующийлъун вукIарав И. Сталинил нухмалъиялъулаб кIвар мукъсан гьаби мурад бугез гьезие къимат къезе цере рахъинарулел руго историялъул «кIудиял» специалисталлъун рикIкIунел пударухъаби Сванидзеги Андрей Сахаровги. Гьел «историялъул махщелчагIаз» халкъалъе гьересиял баянал къолелги руго гважул гIадин кIалдиб пологи бан. Ахирал соназ чан анцIаза-азар гьединал чорокал телепередачаби централиял каналаздасан рихьизарурал, кинофильмалцин руго гьединал мурадалъулал. Масала, «Маршал Жуков» фильмалда И. Сталин вихьизавулев вуго мекъаб къагIидаялда…

Гьединазда кIочон толел руго дунялалъул гIакъилзабазги, пачалихъиял нухмалъулезги И. Сталиниеги ва гьесул рагъулаб нухмалъиялъулаб гьунаралъеги мустахIикъаб къимат къун букIин. **«Сталинил букIана кинаб букIаниги рихха-хочи гьечIеб, гьваридаб, логикияб ва магIнаяб гIакъиллъи. Гьев вукIана захIматал минутазда бищун захIматал, хIинкъарал хIалазулъан рорчIиялъе нух батизе кIолев къуркьи гьечIев мастер»**,-ян абуна КIудияб ВатIанияб рагъул соназда И. Сталин кинав вукIаравлъи бищунго лъалев ва гьев тушмангIаги вокьуларев, дол соназ Англиялъул премьер-министрлъун вукIарав Черчилица.

«Воспоминания и размышления» абурал жиндирго мемуаразда Г. Жуковас хъвалеб буго: **И. Сталин вукIана мустахIикъав Главнокомандующий. Верховныяб Главнокомандованиялъул Ставка гIуцIана 1941 соналъул 22 июналъул къаси»**,-абун.

Гитлерилаб Германиялда тIад Советхалкъалъ ва гьелъул БагIараб Армиялъ босараб цIар рагIараб Бергьенлъиялъулъ жиндир мустахIикъаб бакI бугев, гьеб рахъалъ цIар рагIарав полководец Совет Союзалъул ункъцIулго БахIарчи Г. К. Жуковас цогидаб бакIалда абулеб буго: **«И. В. Сталини- да лъикI лъалел рукIана фронтовиялгун фронтазулал группабазул операцияби гIуцIиялъул аслиял принципал. Ва гьезие нухмалъиги гьабулеб букIана иш лъан. Гьесда лъикI ричIчIунаан чIахIиял стратегическиял суалалги.** Гьев вукIана мустахIикъав Главнокомандующий»-ян.



Финляндиялъул президент Ю. К. Пасикица хъвалеб буго: **«И. Сталин ккола гьанжесеб историялъул бищунго загьирал ва къиматал чагIазул цоявлъун, гьес жиндир цIар щулаго хъвана Совет Союзалъул историялъулъ гуребги, гIолабго дунялалъулго историялъулъги. Гьесул нухмалъиялда Россия хисана, цIилъана ва сверана гьанжесеб Совет Союзалде. Гьес СССР бахинабуна дунялалдаго къуватаб державаялде»**,-ян.

Дунялалъул гIакъилзабаз къурал киналго гьединал къиматал ва баянал газеталда рахъун бажариларо.

Гьездаса нилъеда бичIчIине ккола гьереси-историказ ва Сталиница гIадлуялде рачун рукIарал умумузул, гьесул идейниял тушбабазул наслабаз кигIан цIикIкIун гьесул цIар чорок гьабуниги, И. Сталин вукIана, вуго ва хутIизе вуго XX гIасруялъул кIудияв политикияв хIаракатчилъун.

Гьединал гьереси-историкалги антисоветчикалги ракизе рукIин Сталиница лъалеб букIун буго доб заманалдаго. Рехсезин 1939 абилеб соналда А. М. Колонтайлгун букIараб гара-чIвариялда гьес абурал рагIаби:

**«Нилъер партиялъул ва халкъалъул гIемерал ишал мекъи ва чорок гьаризе руго, бищунго цебе къватIисел улкабазда, гьединго нилъерго улкаялдаги. Амма лъугьа-бахъиналъул цебе кинаб хIал бугоники заман ина ва цIиял гIелазул балагьи ва пикраби ралагьарал рукIине руго нилъер социалистическияб ВатIаналъул ишаздехунги бергьенлъабаздехунги. Сонидасасониде рачIине руго цIиял гIелал. Гьез цIидасан роркизе руго жидерго умумузул байрахъал ва нилъее къезе буго кколеб къимат тIубараб даражаялда. Жидерго букIинесеб гьез гIуцIизе буго нилъер цебеселъул къучIалда».**

БитIараб буго И. Сталин вукIана цIакъго тIалаб цIикIкIарав. АммагьебтIалаб гьесул тIоцебесеб иргаялда жиндехунго букIунаан. Халкъалда гьеб бичIчIунаан. Гьединлъидалин КIудияб ВатIанияб рагъул фронтазда рагъухъаби гьужумазде унел рукIарал **«ВатIаналъе гIоло! Сталиние гIоло»**-ян абун. Гьес хъулухъ гьабулаан тIолгохалкъалъего, батIи-батIиял даражабазул чиновниказ чIванкьотIун гьукъулаан хIалтIулъ намус рехизе, халкъалъул-пачалихъалъул буголъиялде квер бегьизе. Гьев вугеб заманалда букIана гIадлу-низам, букIинчIо коррупция ва цIогь ва пачалихъалда цебе хиянатлъи. Халкъалъул-пачалихъалъул гьурущ бикъарав чи Законалда рекъон жанив лъолаан. СССРалъул халкъазул букIана щулияб, бацIцIадаб гьудуллъи ва ВатIаналдехун гIорхъи гьечIеб рокьи. Гьеле, гьединлъидалин дунялалъул таварихалда жаниб бищунго халат бахъараблъунги, бищун цIикIкIун пачалихъаз гIахьаллъи гьабураблъунги ва бищунго цIикIкIун би гIодобе тIураблъун букIараб 1941-1945 соназул КIудияб ВатIанияб рагъда Совет Союзалъ Бергьенлъи босараб ва гьелдалъун жиндирго гуребги Европаялъул нуснус миллионал халкъазеги эркенлъи щвараб.

Рагъда хадусеб къокъабго заманалда Сталинил нухмалъиялдалъунги гьира базабиялдалъунги Совет халкъалъ цIи гьабуна улкаялъул халкъияб магIишат. Щибаб санайилго учузлъулел рукIана промышленнияб къайи ва росдал магIишаталъул продуктаби, рорхулел рукIана харжал, лъикIлъулеб букIана гIумру. Бищун рохалилаблъун букIана метерисеб къоялде божилъи букIинги ва Совет Союзалъул гражданинасул захIматалъе бугеб ихтияр улкаялдаго цIунулеб букIинги…

Гьеб кинабгоялда цо гъулбасалдалъун мухъ цIана Ельциница, бикъана халкъалъул талихI.. Гьединго СССРалъе ва гьелъул халкъалъе гьесул хилиплъиялъ рес къураб буго нилъер Бергьенлъи бикьизе лъугьиналъеги....

Гьединги талихIалъ, Ельцинги хисун, къисматалъ Россиялъул халкъалъе къуна жиндирго улкаялъул унгоунгояв патриот, рацIцIадал пикрабазул ва социалияб бичIчIиялъул президент В.В. Путин.

Гьесда сверухъги гъункун хIалтIулаго, нилъеца замазаманалда ракIалде щвезавизе ккола И. В. Сталин. ГIун рачIунел гIелазе бицине ккола гьев вукIараб заманалъулги, гьеб заманалда букIараб рухIиябгун нравственнияб бечелъиялъулги, КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босиялъулъ гьесул нухмалъиялъул букIараб кIваралъулги хIакъалъулъ. Гьениб бищунго цIикIкIараб хIаракатчилъи бихьизаби хIурматияб налъилъун ккола школазул, ветераназул ва СМИязул.

Гьеб гуро жакъасезе хIажатаб, гьеб буго хадусеб гIун бачIунеб гIелалъе чара гьечIеблъун букIинесеб.

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***
*Журналист.*

## КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 70 СОН ТIУБАЯЛДЕ

(Конкурсалде бачIараб)

# ГЬАЛ РАГЪАНА ВАТIАНАЛЪЕ ГIОЛО

(Авал цебесеб №32 номералда)

*(Инсуца бицараб хабар)*

Штрафникал-гьел жидерго гIайиб чуризе чорхолъан би тIинкIизегIан тушманасде данде цебесеб кьерда рагъизе кколаан. Гьезие нахъе къазе цо галиялъцин рес кьолароан нахъ чIун бугеб заград отрядалъ.

Штрафникал дагьал рукIиналъги батила, полковникас гьел цересал кьерда лъей гурони гьезда хадуб хал кквей букIинабиялъе солдаталго лъечIел.

Хандакъазда жанир позициябазда чIун ругел солдатазул иргадулаб хал-шал гьабулаго полковникги ва капитанги гьаб нухалъ ХIасбулаги ва Васяги чIун ругел хандакъалъурги рачIун свери къоноялъул хал-шал гьабуна.

-Бегьизе буго,-ян абуна гьес кIалдиб чIамула бугеб бухIун рагIалде щола бугеб хъалиянги гIодобе рехун,- гьаниб ВатIаналда цебе, бахIарчилъи бихьизабуни нужеца гIайиб тIаса рехула.

-Гьалмагъ, полковник, яргъил сурсатал нижехъ дагь руго, танкабазде ва пехотаялде данде хIалтIизаризе нижехъ цониги граната гьечIо,-ян абуна ХIасбулаца бекараб гIурус мацIалда, хандакъалъуб бугеб яргъидехун кверги битIун.

Полковник ццидахун ХIасбулахъ валагьана, рекъечIел цо-цо рагIабиги абун, тIаде жубана нуж гьадингоги тушбабаз бащадаб сагIаталда ракьулъ тIепизарулел хварал къаркъалаби ругилан. Командирасул чIухIараб кIалъай ХIасбулал ракIалда хIунсана, цаби абуни ццидаца кIалдир къиргщулел рукIана.

-Гьалмагъ, полковник,-ян гьоркьов жувана Вася,- передовоялда ругел нижеца тушманасе кIудияб кьаби щвезабизе ккола, гьезул чIагояб къуваталъе чIахIиял камиялги ккезарунгурони, нижер къаркъалабазда тIаса нужеде тIаде ине гьезие нух букIине гьечIо, гьеб мехалъ нужееги рагъизе бигьалъизе буго рухIги-хIалги дагьлъарал тушбабигун -ян абуна Васяца.

Васял гьел рагIабаз полковникасул гьурмадаса ццидахиналъул гIаламат нахъе инабуна ва цо параялъ хинаб балай штрафникасухъги гьабун, капитанасдехунги вуссун абуна:

-Капитан! Ругел ресаздеги валагьун тIубай гьазул мурад,-янги абун кIалдиб хъалиянги лъун полковник гьенир аскIор ругел бронебойщиказухъе валагьун ана.

Вася ярагъалде хадуве ун гIемер заман балелде, битIахъе зоб тIекъараб гIадин тIасан роржун унел самолетаз бомбабиги тIаде ран, дунял гьаргьадизе гьабуна, гьезул кьвагьияз цIорораб ракьалда къоралги гьарун гьенисан тIаде бачIунеб гIазугун жубараб ракьул гIеркъал щущалел рукIана хандакъазухъ тIепун ругел солдатазда тIад. Самолётазул гьужум гьаби лъугIиндал рикIкIадаса кьвагьизе лъугьана тушманасул гIарадаби ва байбихьана гьезул гъумпараби борхалъиялда рихъизе. Гьелъ кIудияб ками ккезабуна полкалъе: чIвана ва лъукъа-къотIана гIемерал солдатал, хвезаруна цо чанго гIарадабазул расчётал. Полк ракIалде бачIиналде гьебсагIат бачIун цебе щвана тушманасул кIудияб къуватги. Лъелал аскариязда цере-цере рачIунел рикIкIен гIемерал рагъулаб техника- танкабаздасаги, бетеэраздасаги тушманас кьвагьдолаго гьужум гьабизе лъугьана.

Байбихьана цIа боркьараб кIудияб рагъ. КIиябго рахъалдаса цоцазде кьвагьулеб ярагъалъ гьаргьазабун кодобе босараб гIадин сородизабулеб бугин кколаан сверухълъиялда бугеб ракь. БакI- бакIалда рухIизе лъугьана тушманасул бронетехника, хъахIаб гIаздада тIад бидул лангалги тун тушманасул чIагояб къуват гъурун гIодоре ралел рукIана…

Васяца пулемёталдаса лъалхъинчIого гIужда речIчIун кьвагьулеб букIана. Рахас гьабун церехун рачIунел тушманасул солдатазда гьоркьов командирин ккарасда гьоркьо-гьоркьоб жиндирго щуцIул кьвагьулеб туманкI гIуждаги речIчIун ХIасбулаца пулемёталъе патроназул гIарщал хIадур гьарулел рукIана. Цебесаб кьерда ругел штрафникал-бронебойщиказ цIа базабулеб букIана тушманасул рагъулаб техникаялда ва хадур рачIунел лъелал аскариязда…

Гьужумалъ рачIунел тушманасул кIудияб къуват кIиго нухалъ нахъ чIвайдал гьел цо щобде нахъеги ун тIасияб къоялде щвезегIан церехун раккичIо. КIиабилеб къоялъги тушманас гьабураб лъабго гьужум нахъе чIвана бахIарчиял нилъер рагъухъабаз…

Лъабабилеб къоялъ радалго байбихьана тушманас рагъ гьабизе, гьаб нухалъ гьез рагъул тактикаги хисизабун, битIахъе цIад гIадин тIаде базабуна гIарадабазул ва минамётазул гъумпараби. Гьелъ щулалъабазе кIудияб заралги гьабун, солдатазул гIемер чи чIвана ва лъукъа-къотIана. Цебесеб кьерда ругел штрафниказулги цIакъ дагьав гурони чи хутIун вукIинчIо.

Бакъанидехун тушманасул тIаде бачIараб цIияб солдатазул къуваталъ полкалъул щулалъабазде цIидаса рахъ-рахъалдаса гьужумал гьаризе байбихьана. Тушманас хIаракат бахъулеб букIана къасиялдехун гьеб борхалъи кодобе босизе, амма бахIарчиго данде рагъулел Советиял солдатаз тушманасе церехун рачIине нух гьукъулеб букIана…

Цебесеб кьерда ругел штрафниказулги ва рагъухъабазулги гьавин абизе чи хутIун вукIинчIо. Кодоса лъугIунеб букIана гулла-хер, петеэршиказул танкабазда речIчIизе патронал. Тушманасул танкабаз полкалъул цересел щулалъаби щущазаризе байбихьана. Хандакъалъуса-хандакъалъуре лъугьун рагъулел солдатазда тIад лал тIамулеб букIана гьез. Чанго бахIарчияв солдатас «ВатIаналъе гIоло, Сталиние гIоло»-ахIулаго танкабазде данде рахъун живгоги гьебги цадахъ кьвагьизарулел рукIана.

Ракъаралги свакаралги ва макьу гьечIого чIунтизарун ругел солдатал бахIарчилъиялда, хвалдаса хIинкъичIого ВатIаналъе гIоло рагъулел рукIана.

Рахас- рахас гьабун тIаде рачIунел тушманасул аскарияз полкалъул кваранаб рахъалъул флангалда ругел хандакъазде гьужумги гьабун, гьениб унеб букIана кор боркьараб ращалъи гьечIеб кверзулаб рагъ. Тушманасдехун бугеб кIудияб ццималъги, ВатIаналдехун бугеб кIудияб рокьиялъги бигьаго хвелги къабул гьабун хIинкъичIого гьалаглъун гъалбацIал гIадин рагъулел рукIана гьел…

Штрафникал ругел цебесаб рахъ тIад бетараб кIкIуялъ бацизабун букIана. Гьелдаса пайдаги босун Васяца гьезул рахъалде бачIунеб тушманасул «Тигр»-абулеб танкалде дандеги вахъун гьеб кьвагьизабуна, живго гьев танкаялдаса кьвагьараб пулемёталъ гIодове ккезавуна. БухIулеб танкаялъуса къватIибе бахъунеб тушманасул экипажги бихьун лъукъарав Вася тIубараб къаркъалаялъ тIадеги ворхун, рачалихъа гранатаги бахъун гьезде данде ана ва бугеб рухIалъ тушманасде гранатаги рехун живго ракьалда накабазда ккана. Гранатаялъ немцазул кIигояв чIвана, кIигояв абуни нахъе лъутулаго ХIасбулаца кьвагьараб пулемёталъ ракьалде щапизаруна.

Лъукъарав Вася тIаде ворхизе къасд гьабуна, амма бажаричIо.

ХIасбулаца Вася гуллил цIадада гъоркьан жалго рукIарал хандакъалъуве вехъерхъана. ЗахIматго лъукъун вугев гьес, риччалъ кIалъан квешал рагIаби рикIкIунел рукIана тушманасде…

Гьеб параялъ гьенив вачIарав кIудияв сержантас лъазабуна полковникасул приказ бугила нахъе секундцин бахъичIого вилълъине кIолев щинав чи жидерго ярагъгун борхалъуда ругел хандакъазде рахеян.

РухI босула вугев Васяца тIубараб къуватги жанги бакIарун борхатаб гьаракьалъ ахирисел рагIаби абуна: «Эбелаб дир ГIурус ракь, дуе гIоло гIумру кьун кьалул майданалда хвезе щвеялдаса д-у-н чIухIа-рав вуг-о. Дун цIу-кIа-а гур-о-о!!! »…

КIкIуйдул тIекъел тIаде борхидал хандакъалъуса валагьарав ХIасбулада рихьана фашистазул лъабгоял гьел ругел рахъалде рачIунел. Гьес Максимкаги гаргазабун гьел ракьалде щапизаруна. Цо параялъ ХIасбулаца Васял жаназа хандакъалъул ракьанда рекъезабун лъуна ва тIаде солдатасул плащ-палатка мусру гIадинги жемун, бомбабазул кьвагьияз хандакъалъубе бачIараб гIазугун жубараб ракь тIаде бана. Сержантас гIедегIил гьабизабун ярагъ матахIги бакIарун гьел кIиялго хандакъазухъан-хандакъазухъе лъугьун, солдатазул хварал къаркъалабазда хIетIе тункиларедухъ галаби тIамулаго, пулемётги баччун тIаде балеб гуллил цIцIадада гъоркь борхалъуда ругел щулалъабазде рахана ва гьенир ратарал командирзабазде аскIореги ун жал нужер ихтияралда рачIанилан лъазабуна. Полковникас ццидахун абуна: «Пулемётчи киве арав?»-ян.

-Гьалмагъ, полковник, пулемётчик ВатIаналда цеве вацIцIадго бахIарчиго тушманасул «Тигр» танкаги кьвагьизабун дир беразда цеве хвана,-ян абуна сержантас.

-Гьас щибха гьабураб?-янги абун рокьукъго ХIасбулахъ валагьана полковник.

-Дида тIадаб жо гьабуна. Васяцаги дицаги цо тушманасе цевехун вачIине рес кьечIо, гьалмагъ полковник!-ян абуна ХIасбулаца гьурмадаса гIетIгун жубараб би бацIцIунаго.

-Гьелъул нилъеца хадуб бицина,-ян абуна полковникас.

Черхалда щварал гъумпаразул тIирабаз тIадагьго лъукъарав ХIасбулал черхалдаса чвахараб би цIороялъ макъар гIадин лъугьун букIана.

Дунял рукIкIиналде фашистаз борхалъи бахъизе цоги нухалъ хIалбихьана, гьез гьужум гьабизе байбихьана борхалъиялъул свери къоно ккун. Гьаб нухалъ ХIасбула командирзабаз ППШа автоматги кьун жалго ругел хандакъазухъ чIезавуна.

- ТIадегIанаб командованиялъ нилъеда цебе лъураб масъала тIубазе ккани щиб гьабунги рукIкIинегIан нилъеца борхалъи цIунизе ккола,-ян лъазабуна полковникас.

Полкалъул чIаго хутIарал солдатаз гьужумалъ рачIунел фрицазе кIудияб ками ккезабулеб букIана, амма ращалъи гьечIеб гьеб рагъда нилъеразул къуват гIолеб букIинчIо. Тушманас цересел кьерда ругел хандакъал кверде росана. Амма нилъер солдатал кверзулаб рагъги гьабун, тушманасе чIахIиял камиялги ккезарун, бахIарчилъиялда къабул гьабулеб букIана хвел. Цересал кьерда ругел хандакъал кверде росаниги немцал хIинкъиялъ тIокIал церехун рачIинчIого гьенирго тIепана…

Заман цIакъ хIинцго унеб букIана. Бакъ тIерхьудаса тIогьиллъигун жубараб багIарлъиги тIагIун ун тIабигIат гIисинккун бецIлъулеб букIана. РикIкIадаса, югалъул рахъалдаса, босун бачIунеб марталъулаб гьавадул цIурцIуриялда гьаркьоб ихдалил махI чIвалеб гIадаб асар гьабулеб букIана.

Гьаб нухалъ тушманас минамётаздасаги кьвагьун цIад базабулеб букIана нилъер солдатал чIун ругел хандакъазде. Кьвагьун бачIараб минаялъул кесекалъ полкалъул командир захIматго лъукъула, гьединго ботIрода щвараб минаялъул тIириялъ лъавудасаги инавун гIодов реххун, бид вецIцIулев вукIана капитан.

ХIасбулацаги гьенив аскIов вукIарав цо солдатасги камандирзабазе кумек гьабуна; мугъалдаги чIан кIиявгоги ваччун гьел хIинкъи гьечIеб бакIалде- ракьулъ жаниб гьабураб блиндажалъуреги щвезарун сестра ахIана…

Лъавуде вачIаравго капитан, тIадеги вахъун жиндирго гьурмадаса биги бацIцIун полковникасе кумек гьабизе жувана. Сестраялъ укол гьабун мех бахъиналде полковникас капитанасда лъазабуна полкалда цебе лъураб задача тIубанила ва тIокIаб мех бахъичIого батальоназда лъазабейила чIаго хутIарал солдаталги рачун севералъул рахъалда бугеб тушманасул загIипаб рахъалдаса нахъе айила…

Капитанас ХIасбуладаги ва лъабго солдатасдаги тIад къана лъукъарав полковник рагъул майданалдаса носылкаялдаги лъун щиб гьабунги нахъе ваччизе..

БецIлъиялдаса пайдаги босун полкалъул чIаго хутIарал солдатаз севералъул рахъалда ругел тушманасул загIипал позициябазде гьужумги гьабун квер боркьараб рагъ гьабуна. Къаси сардилъ зобги гьугъадун бакI-бакIалда пирхулел пириялъ гIадин къалъ-къалъизабулеб букIана цоцазде кьвагьулел яргъил гулла-хералъ. Цере-цере рагъулел ругел рагъухъабазда хадурги лъугьун ХIасбулацаги ва гьесда цадахъ ругел солдатазги цIодорлъиялда ваччулев вукIана полкалъул командир.

Полкалъулаз гьалагаб тIаде кIанцIи тушманасдаги гьабун, гьезул щулалъабиги рорлъун лъутун унаго ХIасбулада цадахъ вугев кIиго солдат тушманасул гуллица гIумруялдаса ратIа гьаруна..

Солдатал араб рахъалде чIва тIамун тIаде балеб тушманасул чIахIиял калибраялъул пулемётазул кунчIулел гуллбуца ва минамётазул бакI-бакIалда рихъулел гъумпарабаз цIад базабулеб букIана. Гьезул тIириги щун, шапана цо-цо ккун ракьалде полковник ваччун рукIарал. Цадахъ рукIарал цогидал солдатал церехунги рорчIун ун, кумекалъе чиги цадахъ гьечIого хутIарав ХIасбула мугъалда лъукъарав полковникги къан, вега-вахъун, хъурщун унаго гьениб цебехун бугеб жаниблъиялда иххаз бахъараб кIкIалахъе ккана. Гьениб кинаб букIаниги хIинкъи букIинчIо. Гуллбиги пещтIолаго тIасан роржунел рукIана. БецIаб сардилъ, накалде бахараб гIазуги борлъун, мугъалда лъукъаравги къан ва ярагъги баччун, кIкIалал мухъ ккун захIмалъиялда унев ХIасбулада лъалеб букIинчIо жив кивехун унев вугев цин. Гьесул кутакаб къаркъалаялда къараб бакIаб гьир гIадин мугъалда вугев командирас гьоркьо-гьоркьоб гьесда гIинде шурулеб букIана, жиндие гIазаб гьабичIого, хвезе гьанивги тун мунго ворчIизе гIамал гьабейилан.

-Кинабго лъикI букIине буго, хIехьe, гьабсагIат нилъ нилъеразухъе щвела,-ян ракI батизабулеб букIана ХIасбулаца.

Къаси кватIараб гIужалда гIисинккун пузе лъугьана гIазугун жубараб гьури. Гьоркьо-гьоркьоб хIухь бахъаниги ХIасбулае нахъа-нахъалъухъе захIмалъулеб букIана кIудияб раччи мугъалдаги чIван цевехун ине. Гьесул черхалда ругел тIадагьал ругънал ссудизе лъугьана. Вакъиялъги ва гIаздалъан ине захIмалъиялъги гьесул чорхол рухI ва хIал дагьлъулеб букIана. Амма гьесул гIумруялда бугеб гIишкъуялъ гьев тIамулев вукIана захIмалъиялде данде чIун цого цевехун ине. БецIаб сардилъ гIаздалаб, гIалхулаб гIалахалдаса гIумру цIунун унел кIиго рагъухъан, цояв жиндир полк цебе гьечIев лъукъарав командир, цогидав гьевги мугъалда ваччун унев гьесие мукIурав рагъухъан мухъилав. КIиявго цоцазде рокьукълъи бугел ва кIиявго цо гIагараб ВатIаналъе гIоло рухI кьезеги хIадурал советиял солдатал.

Дагъистаналъул хъвачIал мугIрузда гIурав ХIасбулада жидерго гIи боцIуда хадув вукIун гьединал захIмалъаби цо нухалъ гуро рихьарал. 1930-1935 соналъ ахIана БагIараб Армиялде, хъулухъ гьабулеб букIана Отдельный, Сводный Национальный Кавалерийский Полкалъул тIоцебесеб эскадроналда. Гьеб полкалъул командир, Дагъистаналъул машгьурав революционер, Атаев Муслимил файтончилъун хIалтIула вукIадго рагъул ишазе захIмалъабазе ва къо хIехьеялъе куцан-вуцун вукIана ХIасбула. Кавказалъул батIи-батIиял бакIазда ругел хъачагъазда хадур лъугьун, бухIараб риидалги ва кьварун квачараб гIаздалаб хасалоги ракъунги, къечонги чан захIмалъаби гьез раччизе ккарал. Атаевас гьесда абулаан бихьинчи вижарав вугила гIагараб ВатIан цIунизеги, вагъизеги ва тIаде ккараб къо хIехьезегиян.

Хасалил халатаб гьаб сордоялъ кигIанги гIураб нух нахъе тана гьес. Дунял рогьараб заманалда ХIасбулаца жиндирго гъоркьан бозил гурдил чIалалги рахъун, рухIги, хIалги дагьлъун риччалъ вугев полковникасул ругънал гIаздаца ва силухъалъуб батараб спирталъ рацIцIадги гьарун рухьана. Гьел рухьаралдаса полковникасда дагьаб макъаб рухIги бижана.

РикIкIадаса гьороца росун рачIунел гьабзазул хIапдейги рагIун, гьениб цебехун бугеб щоблъиялде вахиндал ХIасбулада бихьана рохьил рагIалда цо чанго рукъ бугеб гьитIинабго росу. ЛъикIаланго гIагардегIанги ун гьес росдал хал-шал гьабуна. Гьениб ракълилаб гIумру букIин лъайдал кинабго баян гьабуна командирасде.

Росдал рагIалда, хIинкъи гьечIеб бакIалда лъукъаравги тун, ХIасбула росулъе жаниверги ун гьениб бугеб цо минаялъул рагьде лъугьиндал, рокъоса къватIире рачIана нолъ тушманасул гор-сверудаса рорчIарал гьесул батальоналъул чIаго хутIарал цо чанго солдатги ва ротаялъул командир П. Пашковги. Гьел цоцаздеги хурхун рохиялъул букIинчIо гIорхъи…

Росдал гIадамаз солдатазул кигIанги адаб хIурмат гьабуна. Гьебго къоялъ бакIалъулаз солдатал ва лъукъарав полковник чуязда рарал чангъаздаги рекIинарун 25км рикIкIад махххул нухалда бугеб лазареталде щвезаруна.

Полковникасе къо-мехги лъикI гьабидал гьес ХIасбулал кверги бачун загIипаб гьаракьалдалъун абуна: «Мун ВатIаналъе ритIухъав бахIарчияв чи вукIун вуго. Мун дир хъачIлъиялдаса тIаса лъугьа… Капитан, гьав наградаялъеги вихьизаве ва гIайибги тIаса рехе» -ян

Батальоналъул чIаго хутIарал рукIана взводалъе гIанасел солдатал. Капитанас гьел кьердаги чIезарун лъазабуна, полкалъул чIаго хутIарал цогидал батальоназул рагъухъабиги цолъун нилъ фашизма тIагIинабизе рагъде ине ругилан. Гьезда цебе букIана жеги хIалуцараб рагъул лъабго сонги лъабго моцIги…

1942 соналъул 12 марталда Харьков шагьар абуни фашистаз кверде босана…

Инсуца хабар бицун бахъиндал тIадеги жубана:

-ВатIан бокьуларесул, рокьи букIунаро, рокьи гьечIесул гъансито букIунаро, гъансито гьечIесул гьудулзаби рукIунаро. ВатIан бокьизе Аллагьас нилъеда тIад лъураб фарз буго. Бокье ВатIан! ЦIуне ВатIан! Вассалам ва калам.

1989 соналъул 23 февралалъ абурал гьал рагIаби ХIасбулал ахирисел рукIана гьев хвана 14 къоялдаса, ай 8 марталъ.

ГIетIги биги тIун, гуллиде данде керенги буссинабун жидеца цIунараб ВатIан- СССР, пачалихъалъул бутIрузул гIайибалдалъун, туманкI кьвагьичIого бихххизаби инсуца кин къабул гьабизе букIараб гьеб цого тIад вугев Аллагьасда лъала.

**С.ХIАСБУЛАЕВ, Шодрода росу**

# КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 70 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## Гьав гIахьаллъана Бергьенлъиялъул парададда

Дир эбелаб ВатIан-Россия. Гьелъул руго гIемерал бахIарзал. Амма, КIудияб ВатIанияб рагъ букIинчIо гIицIго таварихлъун, гьелъ ккола кIудияб бакI нилъер халкъалъул къисматалъулъ. ГьечIо нилъер улкаялда цониги хъизан гьеб рагъ жинда хъинтIичIеб. Жакъа къоялъги ракIалда буго гьелъул кьогIлъи кIудияб гIелалда. Нилъеца КIудияб ВатIанияб рагъилан жинда абулеб рагъда къуркьичIого тушманасде данде вагъарав щивав солдат ккола бахIарчи. Гьединал солдатазул цояв ккола ГIазаев МухIамадтIагьир. Гьесул тIолабго гIумру букIана мисал босизе мустахIикъаб. Жакъа гьев нилъгун гьечIо. Нахъе хутIана гIицIго суратал-ги, гIага-божаразул ракIалде щвеялги. МухIамадтIагьир МуртазагIалиевич гьавуна 1911 соналъ Болъихъ районалъул Болъихъ росулъ векьарухъанасул хъизаналда. ГьитIинго, гIумрудул анкьго сон тIубайдал бесдал хутIана МухIамадтIагьир. Камуна гьесие эмен. Гьев вукIана захIмат бокьулев, хъизаналье цIакъ кумек бугев вас. Микьго класс лъугIидал 1930-1931 соназ гьев цIалана МахIачхъалаялда педрабфакалда. 1931-1932 соназ цIалун лъугIизабуна Грозныялда букIараб краевыял финансовыял курсал. 1932-1935 соназ хIалтIана райсберкассаялда контролерлъун, 1935-1937 соназ хIалтIана Нархозучеталъул инспекторлъун. 1937-1938 соназ РАЙФОялда, 1939-1941 соназ ФОялда госдоходазул инспекторлъун.

РакIалде щвеязухъ гIинтIамидал гIемераб жо лъана нижеда гьев инсанасул хIакъалъулъ.

1941 соналъ МухIамадтIагьир жиндиего бокьун гIарзаги кьун ана рагъде. Гьес гIахьаллъи гьабуна Сталинградалда букIараб рагъазулъ. Гьенив МухIамадтIагьир вукIана лъукъун. Гьеб рагъ ракIалде щвезабулаго МухIамадтIагьирица абулеб букIун буго: «Дида лъаларо кин



дун чIаго хутIаравали. Лъавудасан арав дун лъавуде вачIиндал цIакъ кьечон ватана. Дир кверал рукIана биччараб жоялда жанир. Лъим батилилан-ги ккун дица хьат цIун гьекъана, тIагIамалъул батIалъиялъ гIодове валагьидал гьеб батана дирги дунго гIадал лъукъаразулги би». Гьеб вахIшияб къеркьеялъулъ лъукъарав МухIамадтIагьирица кIиго моцI бана госпиталалда. Рагъул соназда жаниб МухIамадтIагьарица гIахьаллъи гьабуна КIиабилеб Украиналъулаб фронталда, Воронежалъулаб фронталда. Гьесул рагъулаб нух букIана жибго Берлиналде щвезегIан. 1943 соналъ МухIамадтIагьир мустахIикълъана «За оборону Сталинграда» абураб медалалъе. 1944 соналъ щвана лъабабилеб даражаялъул орден ва «За отвагу» медаль. 1945 соналъ щвана «За победу над Германией» медаль. 1946 соналъ вуссана рокъове. Сталинградалда Мамаев Курганалда бугеб обелискалдаги хъван буго гьесул цIар Сталинград цIунаразул сияхIалда гьоркьоб.

Рагъ лъугIун хадуб МухIамадтIагьир цIализе лъугьана В.И.Ленинил цIаралда бугеб рагъулаб академиялде. Гьенив цIалула вукIадго гьес гIахьаллъи гьабуна 1946 соналъ Москваялда БагIараб Майданалда тIобитIараб парадалда. Амма академия лъугIинчIого МухIамадтIагьир тIад вуссине ккана.

Ниж чIухIарал руго гьединав инсан нижер ракьалда ватиялдаса. Гьесие бокьулароан рецц-бакъ, амма гьев мустахIикъав вуго гьелъие. ТIад вуссун вачIиндалги гьев хIалтIана батIи-батIиял хъулухъазда: райфинотделалъул заведующийлъун, райисполкомалъул кадрабазул завсекторлъун, бухгалтерлъун, Ворошиловасул цIаралда бугеб росдал колхозалъул председателасул заместительлъун ва гь.ц.

Кив хIалтIаниги гьев кидаго хIадурав вукIана гIадамазе кумек гьабизе. 1976 соналъ гIумруялдаса ватIалъана, амма гIага-божаразулги, хъизан-агьлуялъулги росуцоязулги ракIазулъ хутIана гьев.

***Болъихъ №3 гьоркьохъеб школалъул пионеразулаб организация «Ирсилал»***

1979 соналъ ХIажиева ПатIимат МуртазагIалиевналъул цIаралда ГIанди росдал гьоркьохъеб школалъ кьураб тIубачIеб гьоркьохъеб лъай кьеялъул В №462205 свидетельство билун буго.

Жакъа къоялдаса нахъе гьеб **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна**.

## ИРСИЛАЗЕ МИСАЛЛЪУН БУКIИНА

Фашистияб Германия тIаде кIанцIиялдалъун 1941 соналъул июналда багъарараб ва щуго соналъ халат бахъараб КIудияб ВатIанияб рагъда Советхалкъалъ бихьизабураб гIорхъи гьечIеб патриотизмги, бахIарчилъиги ва къо хIехьейги меседил хIарпаздалъун хъвана дунялалъул таварихалда ва хутIана цебет1ураб инсаниятальул баркала щолеб лъуга-бахъинлъун.

Нилъер улкаялъул гIелазе гьеб лъугьун буго чIухIилъунги ва гIагараб ВатIаналъе хъулухъ гьабиялъул ва гьелъул эркенлъи ясбер гIадин цIуниялъул рахъалъ жинда рельхьараб цоги гьечIеб мисаллъунги. Нилъер гIелазулъ гьеб даимго цIунун хутIила.

Дица ракI-ракIалъ баркула КIудияб Бергьенлъиялъ 70 сон тIубаялъул юбилей районалъул рагъулгун за хIаматалъул ветераназда ва тIолалго гIадамазда. Гьарула киназего сахлъи, талихIаб гIумру ва кидагосеб роцIараб зоб!

**К. ШАГIБАНОВ,**
***районалъул рагъул ва захIматалъул ветераназул Советалъул председатель.***

## БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ-70 СОН

*Лъабкъоялда анцIго сон тIубан буго*
*ТIогьолъ бахIарзазде ракь хъваралдасан.*
*Араб бакI лъачIого тIагIаралщинал,*
*ТIураб ратIа-бохгун руссарал цоял.*

*Абуге, гIемерал соналги анин,*
*Къварилъи хисизе рохелги щванин,*
*Щуго соналъ рагъулъ гъурараб гIалам,*
*ГIемер миллионал рукIана нилъер.*

*Гулбузе чучинчIел, чармий къуличIел,*
*Чангияз рухI кьуна къалул байдабахъ.*
*Долги чIван рачIарал орденаздаса,*
*Нилъер васалазул рас бокьилаан.*

*Нуж, хвелелде, хадуб магIу бахъарал,*
*МагIил гIорал рихьун тIаде руссарал.*
*Пенсия щвезегIан гIемер хутIичIел,*
*ЧIваразухъ гурони магIу тIинкIичIел.*

*Ленинградалъул горсвериялде,*
*Гулби щун хваразул сияхIалдаса,*
*РухI борчIизе чадил къотIел щвечIого,*
*Къанцаразул цIарал цIикIкIун рукIарал.*

*Нуж, Украиналда, Сталинградалда,*
*Гьалмагъзаби рукъун къварид рукIарал.*
*Рейхстагалъул сиде байрахъалги чIван,*
*Бергьенлъиги босун халкъ хвасар гьабурал.*

*Нуж, бергьенлъи нижей гIагар гьабизе,*
*ГIоралъан, лъаралъан лъелго рахарал.*
*Хвалил ругъунги щун щапун инегIан,*
*Щивас ВатIаналъул тIалаб гьабурал.*

*Дунялалъул чанго пачалихъалде,*
*Нужер хобал ругел хирия вацал,*
*Нуж шагьидзабазул даражаялда,*
*Данделъаги нижгун ахираталда.*

***САЙГИДАХIМАД АХIМАДНАБИЕВ***


Газета гIуцIарал: Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители: Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор ГI. ГIумахаНОВ

Редакторасул заместитель А. Агъларов

Жавабияй секретарь З.ГIумарова

Отделалъул редакторал Ш. Лабазанов П. Дибирова

ГЬУДУЛЛЪИ

Тираж 1000

Мухбирзаби З.МухIамадова/М.ГIумаханова

Наборщица П. Эльдарова

Фотокорр. Ш.Муртазалиев

Дизайнер А. Назирбекова

Программист А. Ибрагьимова

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Эл. адрес druzhba555@mail.ru